# Өзбекстан Республикасы Мәдeният министри О.Назарбеков Қарақалпақстанда

Бүгин Өзбекстан Республикасы Мәдeният министри О.Назарбеков Қарақалпақстанға болған сапары даўамында Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалында болды.

Image not found or type unknown

Ушырасыўда О.Назарбеков көркем өнер ҳәм мәдeният тараўын раўажландырыў, миллий мәдeний ҳәм руўхый мийрасларымызды сақлаў, сондай-ақ, жаслардың көркем өнерге болған қызығыўшылығын еле де жетилистириў ҳәм бос ўақытларын мазмунлы өткериўде көбирек дөгереклерге қамтыў алыў кереклиги бойынша атап өтти.
Буннан соң филиалда 2021-2022-жылларда жаңадан қурылыўы режелестирилген 300 орынлы жатақхана имаратының жойбары менен таныcты.

Ушырасыўға Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары М.Жуманов ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Мәдeният министри Қ.Турдыевлар қатнасты.

ӨзМКӨМИ Нөкис филиалы баспасөз хызмети